

[**◀Atik
anvan-an**](#)

[**Gid jénéral-la**](#)

[**Atik▶
apré-a**](#)

TOUAZIÈM PATI **Lavi nan Kris-la**

DÉZIÈM SÉKSION **Dis kòmandman-yo**

DÉZIÈM CHAPIT **« Sé pou rinmin prochin-ou tankou pròp tèt-ou »**

ATIK 5 ***Sinkièm kòmandman-an***

« Ou pap touyé » (Ex 20, 13

« Nou té tandé yo té di ansyin-yo : “Pa touyé ; moun ki touyé, li mérité jijman”. Mouin minm mouin di nou : Tout moun ki fè kòlè kont frè-l, li mérité jijman » (Mt 5, 21-22).

2258 « *Lavi moun-nan, yo doué konsidéré-l kòm yon bagay ki sakré, poutèt,*
356 *kòmansé dépi sou orijîn-li, li “mandé aksion Kréatè-a” épi li toujou kontinué gin yon rélasion spésial ak Kréatè-a, sèl finalité égzistans li. Sé Bondié sèl ki Granmèt lavi-a dépi kòmansman-l jous nan finisman-l : pèsonn nan okinn sikontans pa kapab révandiké pou pròp tèt pa-l doua pou-l bay yon moun inosan lanmò dirèktéman* » (CDF, instr. "Donum vitæ" intr. 5).

I. Réspékté lavi moun

Témouagnaj Istoua sint-la

2259 Lè Sint-Ékritu-a rakonté istoua Abèl frè Kayin-an ki touyé-l la (cf. Gn
401 4, 8-12), li révélé kòman dépi nan kòmansman istoua lèzòm gin kòlè ak

anvi nan moun-nan ki konsékans péché orijinèl la. Moun-nan tounin ènmi lòt moun tankou-l. Bondié dékläré kijan touyé yon frè (fratricide) sé yon dérégléman ki méchan : « Ki sa-ou fè ? Voua san frè-ou la ap rélé koté-m sot nan tè-a. Koulié-a madichon pou ou sou tè-a, ki louvri bouch li, ki résévoua san frè-ou la sot nan min-ou ! » (Gn 4, 10-11).

2260 Kontra aliens ant Bondié ak lèzòm-nan fèt antan l-ap trésé rapèl kado lavi Bondié kontinué fè moun-nan ak rapèl violans lèzòm k-ap bay lanmò-a :

« San lavi nou, m-ap mandé kont pou li [...] Tout moun ki vidé san moun, sé palintèmèdiè moun y-ap fè san-l koulé ; paské sé dapré pòtré Bondié moun nan té fèt » (Gn 9, 5-6).

Ansyin Téstaman-an té toujou konsidéré san-an kòm sign sakré lavi-a (cf. Lv 17, 14). Nésésité doktrîn sa-a sé pou tout tan.

2261 Sint-Ékritu-a détèminé intèdikson sinkièm kòmandman-an : « Pa touyé inosan ak moun ki kòrèk » (Ex 23, 7). Pran désizion touyé yon inosan, sa vrèman kontrè ak dignité moun-nan kòm kréatu, ak “règle d’or”-la épi ak Kréatè-a ki sin-an. Laloua ki intèdi sa-a valab yon fason inivèsèl : li obligatoua pou tout moun, pou chac moun, tout tan é tout koté.
1756
1956

2262 Nan Sèmon sou Mòn-nan, Granmèt-la raplé kòmandman-an : « Pa touyé » (Mt 5, 21), épi li ajouté intèdikson kòlè-a, rayi-a ak vanjans-la. Plis toujou, Kris-la mandé disip-li pou-l lonjé lòt machoua-a (cf. Mt 5, 22-39), pou rinmin ènmi-l yo (cf. Mt 5, 44). Li-minm li pa-t défann tèt-li épi li té di Piè pou-l kité épé-l la nan fouro-a (cf. Mt 26, 57).
2844

Léjitim défans-la

2263 Léjitim défans moun-yo ak sosiété-yo pa yon éksépsion parapò a intèdikson touyé inosan-an ki ouété lavi yon moun volontèman (homicide volontaire). « Aksion [...] yon moun k-ap défann tèt-li, kapab gin yon doubl konsékans : youn sé konsèvasion pròp lavi-l ; lòt-la sé lanmò asayan-an [atakan-an] ». « Anyin pa anpéché pou yon sèl aksion gin dé konsékans, pou sé youn sèlman ki nan intansion-an, lòt-la minm li andéyò intansion-an » (S. Thomas d’A., s. th. 2-2, 64, 7).
1737

2264 Rinmin yon moun doué ginyin aléga pròp tèt-li sé toujou yon prinsip moral fondamantal. Li léjitim donk pou-l fè réspékté doua li ginyin pou-l viv-la. Moun k-ap défann lavi-li, li pa koupab touyé moun minm si li oblijé bay asayan-an yon kou ki bay lanmò :

« Si pou yon moun défann pròp lavi-l li sèvi ak plis violans pasé sa-k té nésésè-a, sa pa t-a akséptab. Min si-l répousé violans-la yon fason modéré, sa sé yon défans akséptab [...]. Ni sa pa nésésè pou salu [étènèl-la] pou

moun-nan pa t-a fè aksion protéksion modéré sa-a paské li vlé évité yon lòt mouri : paské moun-nan gin plis obligasion pou-l véyé sou pròp lavi pa-l pasé sou lavi yon lòt » (S. Thomas d'A., s. th. 2-2, 64, 7).

2265 Léjitim défans-la kapab non sèlman yon doua min tou yon dévoua
 2240 inpòtan pou moun ki doué protéjé lavi lòt moun. Défans byin komin-an égzijé pou yo anpéché asayan injis-la jouinn possibilité pou-l nui lòt-yo. Poutèt sa, moun ki gin otorité léjitim-yo gin doua pou yo minm sèvi ak zam pou répousé asayan k-ap ataké kominoté sivil ki anba responsabilité yo konfié yo-a.

2266 Égzijans pou protéjé byin komin-an korésponn ak éfò Léta ap fè pou-l anpéché mòd konpòtman ki déranjé doua moun-nan ak prinsip fondamantal bon rélasion nan sosiété-a. Sé doua otorité piblik léjitim-nan épi sé dévoua-l pou-l apliké chatiman ki propòsionèl ak gravité fot-la. Prémié sa chatiman-an ap chèché sé réparé dézòd fot koupab-la vîn mété-a. Lè koupab-la vlé aksépté chatiman-an, sa vîn sèvi kòm yon réparasion [ékspiasion = rachté, péyé yon dèt]. Apré sa, anplis défans lòd piblik-la ak protéksion sékirité moun-yo, chatiman-an ap chèché tounin yon rémèd, konsa nan mézi sa kapab fèt, li doué édé pou koupab-la korijé défo-l.

1897, 1899 2308 1449 **[*nouvo]** Lontan, yo té konsidéré, apré yon prosè régilié fîn fèt, otorité léjitim-nan té kapab sèvi ak kondanasion amò-a kòm yon répons ki adapté épi yon mouayin ki akséptab pou gravité kèk mové aksion, kòm yon dènié rékou, pou rivé protéjé byin komin-an.

Min nan tan kounié-a, chak foua pi plis, y-ap rékonèt moun-nan pa kapab pèdi dignité-l kòm moun, minm lè li fè yon krim ki grav anpil. Anplis, gin yon novo pèsépsion signifikasyon pèn chatiman-an k-ap pi klè chak jou kanta sa ki konsèné Léta-a. Anfin, gin **fason ki pi éfikas yo òganisé prizon-yo ki asiré défans yo doué sitouayin-yo, min ki vrèman pa diminué nan okinn fason possibilité pou kondané yo rachté pròp tèt yo.**

Sé poutèt sa Égliz-la anségné, anba limiè Évanjil-la, “yo pa kapab admèt kondanasion amò-a paské li kontrè ak respè dignité moun-nan kòm moun” [François, *Discours aux Participants à la Rencontre organisée par le Conseil Pontifical pour la Promotion de la Nouvelle Évangélisation*, 11 octobre 2017.] épi li pran angajman pou abolision-l toupatou sou tè-a.

Touyé moun délibéréman (L'homicide volontaire)

2268 Sinkièm kòmandman-an intèdi kòm yon péché grav ki mérité chatiman, chèché touyé yon moun dirèktéman épi volontèman (*homicide direct et volontaire*). Asasin-an ak moun ki mété min ak li pou touyé-a yo komèt yon péché k-ap rélé bay sièl-la antan l-ap mandé vanjans (cf. Gn 4, 10).

Touyé timoun (infanticide) (cf. GS 51, § 3), touyé frè-ou oubuin sè-ou (fratricide), touyé papa-ou oubuin manman-ou (parricide) épi touyé mari-ou oubuin madanm-ou (meurtre du conjoint) sé krim ki vrèman grav poutèt rapò natirèl-la yo kasé-a. Chèché amélioré ras (eugénisme) oubuin pran souin ijièn ak santé piblik pa kapab jistifié touyé moun-nan, minm si sé otorité piblik-yo ki t-a bay lòd fè-l.

- 2269 Sinkièm kòmandman-an intèdi fè kichòy nan intansion pou provoké lanmò yon moun *indirèktéman*. Laloua moral-la pa pèmèt ni pou éksposé yon moun nan yon danjé mòtèl san rézon grav ni non plis pou réfizé poté sékou bay yon moun ki an danjé.

Lè sosiété moun-nan toléré kondision grangou k-ap touyé moun san yo pa fè éfò pou poté solision nan sa, sé yon injistis ki fè moun tonbé nan mal épi yon fot koupab grav. Trafikan-yo, antan y-ap préte ak intérè épi y-ap fè mové tranzaksion kòmès antan yo provoké grangou ak lanmò moun parèy-yo, sé touyé y-ap touyé moun indirèktéman (commettent indirectement un homicide). Yo réponsab sa (cf. Am 8, 4-10).

- 2290 Lè sa rivé yon moun touyé yon lòt *san-l pa-t vlé* (homicide *involontaire*) moralman yo pa kapab ba-l poté chay-la. Min si yon moun, san rézon valab, aji yon fason ki minnin lanmò, minm si-l pa-t gin intansion bay li, li pa gin ékskiz pou gravité mové zak li koupab la.

Avòtman-an

- 2270 Lavi moun-nan, dépi lè-l fòmé nan vant, yo doué réspékté-l épi 1703 protéjé-l san éksépsion. Dépi prémié moman égzistans-li, moun-nan sé 357 yon kréatu yo doué rékonèt doua-yo li ginyin kòm moun. Nan pamí doua sa-yo gin doua yo pa kapab nié pou tout kréatu inosan viv-la (cf. CDF, instr. "Donum vitæ" 1, 1).

« Anvan-m té fòmé-ou nan vant, mouin té konnin-ou ; anvan-ou té soti nan zantray, mouin té sanktifié-ou » (Jr 1, 5 ; cf. Jb 10, 8-12 ; Ps 22, 10-11).

« Zo-m pa-t kaché louin-ou, lè mouin té fêt nan sékrè, trésé nan fon tè-a » (Ps 139, 15).

- 2271 Dépi prémié sièk-la, l'Égliz-la ap dékläré kijan tout avòtman yo provoké sé yon mové aksion moralman. Ansègnman sa-a pa chanjé. Li pap janm kapab chanjé. Avòtman dirèk-la, sètadi **sa yo vlé kòm finalité oubuin kòm mouayin-an**, sé bagay ki gravman kontrè ak laloua moral-la :

« Ou pap touyé anbriyon ak avòtman épi ou pap détrui lavi bbéki fèk fêt » (Didaché 2, 2 ; cf. Barnabé, ep. 19, 5 ; Epître à Diognète 5, 5 ; Tertullien, apol. 9).

« Bondié [...], Granmèt lavi-a, rinnèt bay moun-nan travay ro-nivo sa-a pou-l projété lavi, pou-l akonpli-l nan fason ki korésponn ak dignité moun-

nan. Sé pousa dépi li fòmé nan vant yo doué protéjé lavi-a ak pi gran souin ; avòtman ak touyé timoun sé krim yo doué kondané » (GS 51, § 3).

2272 Édé éfektivman pou fè yon avòtman sé yon fot ki koupab grav. L'Égliz-la pini fot sa-a kont lavi moun-nan ak pèn kanonik ékskominikasion-an. « Moun ki chèché fè yon avòtman, si konsékans-la rivé, li tonbé nan yon ékskominikasion “latae sententiae” » (CIC, can. 1398) « poutèt li komèt fot-la minm » (CIC, can. 1314) dapré kondision Doua kanonik-la prévoua-a (cf. CIC, can. 1323-1324). Nan konsa intansion l'Égliz-la sé pa pou-l rédui domèn mizérikòd-la. Li montré gravité krim yo komèt-la, domaj iréparab yo fè inosan yo touyé-a, paran-l yo ak tout sosiété-a.

2273 Doua yo pa kapab nié chak moun inosan ginyin pou-l viv-la, sé yon
1930 élément constitutif de la société civile et de l'assistance-l :

« Doua yo pa kapab nié moun-yo ginyin yo, sosiété civile ak pouvoua publique doué reconnaître l'évêque respecté. Doua sa-yo pa dépanner ni dé chak moun an patikilié, ni dé paran yo, ni sé pa yon permission sosiété-a ak Léta bay : yo vrèman fè pati natu moun-nan, yo nan moun-nan dapré fòs aksion Kréatè-a, koté moun-nan minm kòm moun pran oriijin-li. Pami doua fondamental sa-yo, pou sa n-ap palé la-a, sé pou yo sonné : doua pou moun-nan viv-la évêque pou yo respecté kòl toutantie, doua sa-yo chak moun ki kréyé kòm moun joui yo dépi yo fòmé nan vant manman yo jous yo mourir » (CDF, instr. "Donum vitæ" 3).

« Lè yon loua civil rétré protéction yo té doué bay kèk group moun, lè sa-a, poutèt sa minm, léta nié égalité tout moun ginyin devant laloua-a. Lè léta-a pa sèvi ak fòs-li pou-l protéger doua chak moun, sitou sa-k pi fèbyo, lè sa-a sé fondamental légitimité Sosiété-a minm ki tonbé. [...] Poutèt respecter la protection doué timoun ki gin pou fêt-la, dépi lè li fèk fòmé nan vant manman-l, an konséquance laloua-a doué prévoua chatiman propositionnel kont tout mank respecter délibéré kont doua li ginyin-yo » (CDF, instr. "Donum vitæ" 3)

2274 Anbriyon-an, paské yo doué trété-l tankou yon mound évêque lè-l fèk fòmé nan vant manman-l, sé pou yo défendre laloua moralité, pou yo pran souin-l, pou yo géri-l, nan mézi sa kapab fêt, tankou ninpòt ki moun ki kréyé kòm moun.

Diagnostik anvan nésans-la (diagnostic prénatal) li moralman akséptab, « si-l respecté lavi ak intégrité anbriyon-an ak ti bébé moun-nan, si l-ap chèché sovgadé évêque pran souin chak anbriyon [...]. Min diagnostik sa-a ap gravman kontrè ak laloua moral-la si, an fonksion rezilta li bay, yo t-a admèt yo kapab fè avòtman : diagnostik-la [...] pa ka équivaleur ak yon kondanasion amò » (CDF, instr. "Donum vitæ" 1, 2).

2275 « Yo kapab konsidéré kòm akséptab intèvansion sou anbriyon mounnan a kondision yo réspékté lavi ak intégrité anbriyon-an, épi pa gin danjé égzajéré ladan yo, min yo vizé gérizon kèk maladi, amélioré éta santé-a pou-l vîn pi bon oubyin protéjé kontinuasion lavi ti béké-a li-minm » (CDF, instr. "Donum vitæ" 1, 3).

« Sa malonnèt nèt sou plan moral [...] pou produi anbriyon moun pou éksplouaté-yo, sètadi pou yo tounin "matiè biologik" y-ap préparé pou yo sèvi ak yo » (CDF, instr. "Donum vitæ" 1, 5).

« Gin kèk tantativ y-ap fè pou *intèvni nan patrimouàn kromozomik oubyin jénétik*-la ki pa an fonksion gérizon okinn maladi, min sé séléktioné y-ap ésényé séléktioné moun-yo dapré sèks yo oubyin lòt kalité aspè yo détèminé davans. Manipilasian sa-yo kontrè ak dignité moun-nan kòm moun, kontrè ak intégrité-l, kontrè ak idantité li minm sèl li ginyin-an épi yo pa kapab répété tankou yon kopi-a » (CDF, instr. "Donum vitæ" 1, 6).

Eutanazi-a (L'euthanasie = Édé mouri pi vit-la)

2276 Moun-yo lavi yo bloké-a oubyin afébli-a réklamé yon réspè spésial.
 1503 Moun ki malad-yo oubyin k-ap soufri kèk inkapasité (*handicap*) yo doué soutni yo pou yo kapab minnin yon lavi nòmal nan mézi sa posib.

2277 Eutanazi dirèk-la, kèlkésoua rézon oubyin mouayin yo pran, sé désidé fini ak lavi moun k-ap soufri kèk inkapasité (*handicap*), ki malad oubyin ki pral mouri. Sé yon bagay ki pa akséptab moralman.

Konsa ni yon aksion ni yon réfizé aji ki ta kozé lanmò dirèktéman oubyin intansionèlman pou kapab siprimé doulè-a, sé yon asasina li yé, li gravman kontrè a dignité moun-nan kòm moun épi réspè aléga Bondié vivan-an ki kréyé-l la. Minm si sé yon érè jijman san moun-nan pa-t gin mové intansion, sa pa chanjé anyin nan kalité krim zak sa-a réprésanté-a, sé bagay pou yo toujou intèdi épi réjté (à proscrire et à exclure).

2278 Lè yo sispann démach médikal ki trò chè, ki danjré, ki ekstraòdinè oubyin ki pa propòsionèl ak éfè yo t-a rinmin jouinn-nan, sa kapab léjitim. Lè sa-a yo réfizé sa yo rélé « achanman nan bay rémèd » (« l'acharnement thérapeutique »). Sé pa bay y-ap bay lanmò lè sa-a ; sé aksépté yo aksépté yo pa gin pouvoua anpéché-l. Sé moun malad-la ki pou pran désizion-yo, si li gin konpétans oubyin kapasité pou sa, otréman sé moun ki gin doua pou sa dapré laloua, antan yo toujou réspékté volonté rézonab moun ki malad-la épi intérè léjitim-li.

2279 Minmsi yo konsidéré lanmò-a prêt pou rivé, yo pa doué intèronp souin yo doué bay yon moun malad nòmalman. Yo kapab konsidéré kòm konfòm moralman ak dignité moun-nan pou yo sèvi ak rémèd pou kalmé doulè-yo (analgésiques) minm lè t-a gin danjé pou abréjé jou lavi-l yo, dépi sé pa lanmò-a y-ap chèché ni kòm finalité ni kòm mouayin, min sé

sèlman prévoua yo prévoua-l kòm yon bagay ki inévitab épi yo doué sipòté. Souin pou soulajé lòt-la (soins palliatifs) sé yon éksélan fòm charité dézintéressé. Pou rézon sa-a yo doué ankourajé yo.

Suisid-la

2280 Chak moun responsab pròp lavi-l dévan Bondié ki té ba li-l la. Sé
 2258 Bondié ki toujou rété Grammèt lavi-a. Nou doué résévoua-l ak rékonésans
 épi prezèvè-l pou onè Bondié ak pou nou kapab sové nanm nou. Nou sé
 administratè lavi sa-a Bondié konfié nou-an, nou pa mèt-li. Nou pa kapab
 fè sa-n vlé avèk li.

2281 Suisid-la kontrè ak panchan natirèl moun-nan kòm kréatu pou-l
 konsèvé lavi-l épi transmèt-li. Li gravman kontrè ak rinmin yon moun
 doué ginyin pou pròp tèt pa-l. Minm jan-an tou li blésé rinmin prochin-an,
 2212 paské yon fason ki pa kòrèk li kasé rapò solidarité-a avèk sosiété fanmi-
 an, nasiyon-an, moun-nan, sa nou toujou gin obligason aléga yo-a. Suisid-
 la kontrè ak rinmin pou Bondié vivan-an.

2282 Si intansion moun k-ap touyé pròp tèt li-a sé pou-l t-a yon égzanp l-ap
 bay jèn-yo sitou, lè sa-a li vîn tounin yon skandal grav. Désidé édé yon
 moun touyé tèt-li kontrè ak laloua moral-la.

1735 Problèm psikolojik grav, angouas kè sérè oubyin krint térib dévan
 épèv, soufrans oubyin mové trètman kapab diminué responsabilité moun
 ki touyé tèt li-a.

2283 Nou pa doué dézespéré osijè salu étènèl moun ki touyé pròp tèt yo-a.
 Bondié kapab, palintèmèdié chémin li-minm sèl li konnin, ba yo okazion
 1037 yon répanti ki sové yo. L'Égliz-la priyé pou moun ki té touyé tèt-yo ak
 violans.

II. Réspè pou dignité moun-yo

Réspè pou nanm lòt yo : skandal-la

2284 Skandal-la sé dispozision oubyin konpòtman ki pousé lòt-yo al fè sa ki
 2847 mal. Moun k-ap skandalisé lòt-yo li tounin yon tantatè pou prochin-l. Li
 andomajé vèrtu-a ak douatu-a ; li kapab trinnin frè-l nan lanmò spirituèl-
 la. Skandal-la sé yon fot ki gravman koupab si aksion-an oubyin réfizé
 aji-a ralé lòt-la délibéréman nan yon fot ki grav.

2285 Skandal-la gin yon poua spésial an fonksion otorité moun ki lakòz li-a
 1903 oubyin féblès moun ki sibi-l yo. Sé li ki fè Grammèt nou-an té bay malé-
 diksion sa-a : « Si yon moun t-a choké youn nan ti piti sa yo, [...] li t-a pi
 bon pou li, pou yo pandié yon ròch moulin nan kou-l, épi pou yo nouayé-l
 nan fon lanmè-a » (Mt 18, 6 ; cf. 1 Co 8, 10-13). Skandal-la grav lè moun-yo

ki fè-l la sé yo minm ki, dapré sa yo yé oubyin fonksion yo okipé, té gin responsabilité anségné épi édiké lòt-yo. Jézu fè skrib-yo ak farizyin-yo ré-pròch-la : li konparé yo ak lou ki dégizé ak aparans mouton (cf. Mt 7, 15).

2286 Sa kapab rivé pou sé laloua-a oubyin institision-yo, oubyin lamòd oubyin opinion ki provoké skandal-la.

1887 Konsa moun k-ap établi laloua-yo oubyin chapant sosiété-a kapab koupab fot skandal-la lè réalité sa-yo minnin nan konpòtman ki pèvèti oubyin nan dégradasion lavi dapré rélijion-an, oubyin nan « kondision sosial ki, volontèman ou non, fè li vîn difisil oubyin minm inposib pou gin yon konpòtman krétyin ki konfòm ak kòmandman Léjislatè-a ki anro nèt-la » (Pie XII, discours 1^{er} juin 1941). Sé minm bagay-la pou chèf antrépriz-yo lè y-ap pran dispozision ki minnin nan frot, pou profésè k-ap « provoké » élèv-yo (**exaspèrent**) (cf. Ep 6, 4 ; Col 3, 21) oubyin pou sa k-ap manipilé opinion piblik-la antan yo détounin-l parapò a valè moral-yo.

2498 2287 Moun k-ap sèvi ak pouvoua li joui-yo nan kondision ki minnin lòt moun fè sa-k mal, li koupab pou skandal-la épi li responsab pou mal li ankourajé dirèktéman oubyin indirèktéman-an. « Li inposib pou pa gin skandal : sèlman ala malè pou moun sa-a ki sèvi pou yo rivé-a ! » (Lc 17, 1).

Réspè santé-a

2288 1503 Lavi-a ak santé fizik-la sé byin ki gin valè Bondié konfié nou. Nou doué pran souin yo yon fason ki rézonab antan nou konsidéré bbezouin lòt-yo ak byin komin-an.

1509 *Pran souin santé* sitouayin-yo mandé sékou sosiété-a pou rivé jouinn kondision lavi ki pèmèt grandi épi rivé byin dévlopé : manjé, rad, kay, souin santé, ansègnman fondamantal, okipasion travay, asistans sosial.

2289 364 2113 Si ansègnman moral-la invité réspékté lavi kò-a, li pa ba li yon valè san réstriksion (absolu). Li pa dakò ak mantalité yo rélé nouvo-payin-an (néo-païenne) k-ap fè promosion yon *adorasion kò-a (culte du corps)*, pou sakrifié tout bagay pou li, pou fè pèfeksyon fizik-la ak viktoua nan égzèsis spòtif tounin yon ziddòl pou adoré. Kalité mantalité sa-a, poutèt li oblijé fè yon choua k-ap séléksioné ant sa ki fò-yo ak sa ki fèb-yo kapab minnin nan pèvèson rapò ant moun-yo.

2290 1809 Bon kalité (vertu) tanpérans-la mété nan dispozision pou évité *tout fòm éksè*, manjé tròp, bouè tròp alkòl, fimin tròp, plédé pran médiakan. Moun ki sou oubyin ki rinmin tròp vîtes yo mété sékirité lòt moun-yo oubyin pròp sékirité pa-yo an danjé nan rout-yo, nan lanmè oubyin nan avion, konsa yo vîn gravman koupab.

2291 *Konsomasion dròg-yo* détrui santé ak lavi moun yon fason ki grav anpil. Andéyò présripsion strikt ki gin pou ouè ak trètman maladi, sé yon

fot gravman koupab. Prodikcion ak trafik dròg k-ap fèt an kachèt sé aktivité ki bay skandal ; sé yon patisipasion dirèk [nan skandal-la] paské y-ap poussé nan pratik ki gravman kontré ak laloua moral-la.

Réspè pou moun-nan épi réchèch siantifik-la

- 2292 Ékspérians siantifik, médikal oubyin psikolojik sou moun oubyin sou group moun kapab édé nan gérizon maladi ak nan progrè santé piblik-la.
- 2293 Rèchèch siantifik fondamantal épitou réchèch apliké-a sé yon ekspréson ki byin montré dominasyon moun-nan sou kréasyon-an. Sians-la ak téknik-la sé mouayin ki gin gran valè lè yo sèvi ak yo pou sèvis moun-nan épi pou favorizé dévelopman intégral-li pou bénéfis tout moun ; min yo-minm pou kont yo pa kapab indiké sans égzistans ak progrè moun-nan. Sians-la ak téknik-la fèt pou moun-nan, sé la yo pran oriјîn yo ak dévelopman yo ; sé pousa sé nan moun-nan ak nan valè moral li-yo yo jouinn indikasyon finalité yo épi konsians limit yo.
- 2294 Sé yon tronpri pou révandiké yon “neutralité” moral pou réchèch siantifik-la ak aplikasyon-l. Sou yon lòt bò kritè k-ap indiké diréksion-an yo pa kapab dédui yo ni nan éfikasité téknik-la tou simpléman, ni nan itilité yo kapab ginyin pou kèk moun ak domaj pou lòt moun, ni non plis, sa-k pi rèd, apati idéoloji k-ap dominé yo. Sians-la ak téknik-la bészouin, poutèt prop signifikasyon intrinsèk yo, pou yo réspékté san réstriksion kritè moral fondamantal-yo ; yo doué nan sèvis moun-nan kòm mouin, nan sèvis doua li ginyin yo ki pa kapab chanjé, nan sèvis vrè byin-li toutantié, dapré projè ak volonté Bondié.
- 2295 Réchèch ak ékspérimentasyon sou moun pa kapab jistifié aksion ki kontré nan yo-minm ak dignité moun-yo épi ak laloua moral-la. Minm si moun-yo bay konsantman yo, si pétèt yo t-a bay li, sa pa jistifié aksion sa-yo. Li pa légitim moralman pou fè ékspérimentasyon sou moun si intégrité fizik oubyin psichik-li t-a vîn sibi danjé ki égzajéré oubyin yo t-a kapab évité. Ékspérians sou moun pa konfòm ak dignité moun-nan si, an plis, yo fè-l san konsantman ak konésans moun-nan oubyin lòt mouin ki gin doua sou li.
- 2296 *Transplantasyon ògàn konfòm ak laloua moral-la si danjé ak problèm sou plan fizik ak psichik moun k-ap fè don-an riské sibi t-a propòsitionèl ak byin y-ap chèché pou déstinatè-a.* Fè kado ògàn-yo apré lanmò sé yon bèle jès ki gin mérit, li bon pou yo ankourajé sa kòm yon jès solidarité. Sa-k pa akséptab moralman sé si moun k-ap bay la oubyin pròch paran-l ki gin doua sou késion-an pa-t bay akò yo éksplisitman. Anplis, li pa posib pou yo admèt moralman pou yo prélvé ògàn ak manb yon moun jus li vîn invalid oubyin pou sa touyé-l dirèktéman, minm si yo t-a fè sa pou rétadé lanmò yon lòt moun.

Réspè intégrité kò moun-nan

2297 *Anlèvman* (kidnapping, sékéstré) ak *pran moun kòm otaj* sé bagay ki mété yon réjim latérè épi k-ap égzèsé présion insipòtab sou viktim-yo. Yo pa léjitim moralman. *Térorism-nan* minm ap ménasé, blésé épi touyé moun san distinksion ; li gravman kontré ak jistis-la épi charité-a. *Toumanté moun* (torture) ak violans fizik oubuin moral pou fè-l révéle sékrè, pou pini yon koupab, pou fè opozan pè, pou satisfè laèn, sé bagay ki kontré ak réspè moun-nan épi ak dignité-l kòm moun. Andéyò préscription médikal ki vizé gérizon maladi yon fason strikt tout *koupé manb ak ògan*, oubuin *stérilizasion dirèk* yo fè yon fason délibéré sou moun ki inosan, sa kontré ak laloua moral-la (cf. DS 3722).

2298 Nan tan lontan, gin pratik sanganè gouvènman léjitim-yo konn égzèsé an jénéral pou yo kinbé laloua ak lòd, anpil foua san Pastè-yo nan l'Égliza pa-t protésté, épi yo minm, nan prop tribunal pa-yo, yo té konn sèvi ak prinsip doua romin-an sou késion fè moun sibi toumant-la. Plis pasé zak sa-yo ki fè soufri, l'Égliz-la toujou anségné dévoua byinvéyans ak mizérikòd-la ; li té intèdi manb kléjé-a vidé san lòt moun. Nan tan ki pasé mouins lontan, sa parèt klè mouayin sanganè sa-yo pa-t nésèsè pou lòd piblik-la ni konfòm ak doua léjitim moun-yo. Okontré, pratik sa-yo antréné dépravasion ki pi grav. Yo doué travay pou éliminé yo nèt. Sé pou yo lapriyè pou viktim-yo ak bouro yo.

2267

Réspè pou moun ki mouri-yo

2299 Sé pou yo bay moun k-ap mouri-yo atansion ak souin pou édé yo viv dènié moman-yo nan dignité ak lapè. Moun ki pròch-yo va édé yo ak lapriyè. Y-a véyé pou sa-k malad-yo résévoua sakréman-yo nan tan ki konvnab pou préparé yo al rankontré Bondié vivan-an.

1525

2300 Sé pou yo réspékté kò défin-yo épi trété yo ak charité nan lafoua ak espérans réziréksion-an. Antéré mò-yo sé yon aksion mizérikòd pou kò-a (cf. Tb 1, 16-18) ; li bay pitit Bondié yo onè, kòm tanp Éspri-Sin-an.

1681-1690

2301 Yo kapab admèt moralman pou yo dékoupé épi inspékté kadav yo (otopsi) poutèt réchèch légal oubuin siantifik. Fè kado ògàn yo gratis apré lanmò sé yon bagay ki léjitim é ki kapab gin mérit.

L'Égliz-la pèmèt insinération-an (rédui kadab-la an sann) si sé pa yon fason pou manifésté yo pa kouè nan réziréksion kò-yo (cf. CIC, can. 1176, § 3).

III. Protéjé lapè-a

Lapè

2302 Granmèt nou-an, antan li t-ap raplé kòmandman : « Pa touyé-a » (Mt 5, 21), li té mandé lapè nan kè-a épi li dénonsé imoralité ni kòlè ni rayisans ki fè moun-nan touyé-a :

Kòlè-a sé yon anvi vanjé. « Anvi vanjans-la pou mal ka rivé moun yo doué pini-an, pa akséptab » ; min sa mérité louanj pou inpozé yon réparation « poutèt koréksion défo-yo épi konsèvasion byin jistis-la » (S. Thomas d'A., s. th. 2-2, 158, 1, ad 3). Si kòlè-a rivé tous nan désision pou touyé prochin-an oubyin pou blésé-l tout bon, sa gravman kontré ak charité-a ; sé yon péché mòtèl. Granmèt la di : « Tout moun ki fè kòlè kont frè-l, li mérité jijman » (Mt 5, 22).

2303 Désidé *rayi-a* kontré ak charité-a. Rayi prochin-an sé yon péché lè moun-nan désidé vlé ouè mal pou lòt-la. Rayi prochin-an sé yon péché grav lè li fè souété yon malè grav pou li. « Mouin minm mouin di nou : Rinmin ènmi nou-yo, priyé pou moun k-ap pèsékité nou yo ; pou nou kapab vîn tounin pitit Papa nou ki nan sièl yo... » (Mt 5, 44-45).

2304 Pou réspékté lavi ak kouasans moun-nan fòk gin *lapè*. Lapè-a sé pa sèlman pou pa gin lagè **ni** yo pa kapab rédui-l nan asiré ékilib fòs k-ap goumin-yo. Yo pa kapab réyisi jouinn lapè-a sou tè-a si yo pa protéjé byin moun-yo, komunikasion lib ant moun-yo, respè dignité moun-yo ak pèpyo, pratiké fraternité-a san rété. Lapè-a sé « trankilité lòd-la » (S. Augustin, civ. 10, 13). Sé travay jistis-la (cf. Is 32, 17) épitou sé konsékans charité-a (cf. GS 78, §§ 1-2).

2305 Lapè sou tè-a sé pòtré ak frui *lapè Kris-la*, li-minm ki « Prins lapè-a » mésianik-la (Is 9, 5). Palintèmèdiè san koua li-a li touyé rayisans-la nan li-minm minm (Ep 2, 16 ; cf. Col 1, 20-22), li rékonsilié moun-yo ak Bondié épi li fè l'Égliz li-a touinin sakréman pou tout ras moun-nan fè youn nan li minm épi avèk Bondié (LG 5). « Sé li minm ki lapè nou » (Ep 2, 14). Li dékläré « Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a » (Mt 5, 9).

2306 Moun ki rénonsé fè aksion violan k-ap vidé san lòt-yo, épi **ki sèvi ak** mouayin défans ki alarotè sa-k pi fèb-yo, pou protéjé doua moun-yo, yo rann témougnaj bay charité dapré Évanjil-la, dépi sa kapab fèt san domaj pou doua ak obligasjon lòt moun-yo ak sosiété-yo. Y-ap témougné yon fason légitim ki danjé fizik épi moral ki ginyin nan sèvi ak violans-la ki kòz ravaj ak lanmò (cf. GS 78, § 5).

Évité lagè

2307 Sinkièm kòmandman-an intèdi pou détrui lavi moun volontèman. Poutèt malè ak injistis tout lagè gin ladan-l, l'Égliz-la ap mandé chak

moun avèk insistans pou priyé épi travay pou Bondié ki si bon libéré nou anba ésklavaj lagè-a ki tèlman la lontan-an (cf. GS 81, § 4).

- 2308 Chak sitouayin ak chak gouvènan doué aji pou évité lagè.
- « Min tout tan danjé lagè-a la, épi pa gin yon otorité intènasional konvnab ki dispozé fòs ki alarotè, dépi yo fin éséyé fè tout démach ak mouayin pasifik, yo pa kapab anpéché doua léjitim défans-la gouvènman yo ginyin-an » (GS 79, § 4).
- 2309 Sé sériézman yo doué konsidéré kondision strikt pou yon *léjitim défans ak fòs militè*. Konsékans grav yon désizion konsa oblijé yo soumèt li anba kondision moral ki sévè pou-l ka léjitim. Sa égzijé pou an minm tan :
- Domaj asayan-an fè nasion-an oubiyin kominoté nasion-yo sibi-a l-ap diré lontan, li grav épi li asiré ;
 — Yo démontré tout lòt mouayin pou fini ak agrésion-an inposib oubiyin pa sèvi anyin ;
 — Tout kondision pou réyisi yo vrèman réyini ;
 — Sèvi ak zam-yo pap antréné déga ak dézòd pi grav pasé mal y-ap éséyé suprimé-a. Puisans mouayin déstriksion modèn-yo gin yon poua ki lou anpil nan kalkilé kondision sa-a.
- Sa-yo sé éléman traditionèl yo mété nan ansègnman osijè sa yo rélé « lagè ki jis » (guerre juste).
- 1897 Kalkil kondision sa-yo pou léjitimité moral-la, sé jijman prudans moun ki gin responsabilité byin komin-an ki pou fè-l.
- 2310 Pouvoua biblik-yo nan ka sa-yo gin doua ak dévoua pou yo mété sou sitouayin-yo *obligasion ki nésèsè pou défans nasion-an*.
- 2239 Moun ki bay pròp tèt-yo pou sèvis péyi-yo nan lavi militè-a, yo sé 1909 sèvitè sékirité ak libète pèp-yo. Si yo byin ranpli fonksion yo, yo poté konkou yo tout bon vré pou byin komin-an épi pou konsèvé lapè-a (cf. GS 79, § 5).
- 2311 Pouvoua biblik-yo doué prévoua an tout jistis ka moun konsians yo pa 1782, 1790 pèmèt yo sèvi ak zam, dépi yo kinbé obligasion pou yo sèvi kominoté moun-yo yon lòt fason (cf. GS 79, § 3).
- 2312 Ni l'Égliz-la ni rézon moun-nan dékläré *laloua moral-la toujou kinbé validité-l pandan konba ak zam*. « Sé pa paské malrézman yon lagè kòmansé, pou tout bagay vîn akséptab ant pati k-ap batay-yo » (GS 79, § 4).
- 2313 Yo doué réspékté épi trété ak byinvéyans moun ki pap batay-yo, sòlda ki blésé-yo ak prizonié-yo.

- 2242 Aksion yo fè volontèman ki kontrè ak doua pèp-yo épi prinsip inivèsèl li-
yo sé krim yo yé ni lòd ki mandé fè yo-a. Yon obéyisans avèg pa sifi pou ékskizé moun ki aksépté obéyi yo. Konsa tou yo doué kondané kòm péché mòtèl lè yo ékstèminé yon pèp, yon nasion oubiyin yon minorité étnik. Sé yon obligasion moral pou rézisté kont lòd ki ta kòmandé « jénosid ».
- 2314 « Tout aksion lagè k-ap chèché détrui san distinksion vil toutantié oubiyin gran réjion ak tout moun ki ladan yo, sé yon krim kont Bondié épi kont moun-nan li-minm, sé bagay pou yo kondané ak fèmté san ézité » (GS 80, § 4). Youn nan danjé lagè modèn-nan sé pou-l pa t-a bay okazion pou sa-yo ki posédé zam siantifik-yo, sitou atomik, biologik oubiyin chimik, t-a komèt kalité krim sa-yo.
- 2315 Kontrèman a sa yo t-a doué pansé, pou anpil moun *anpilé zam* sanblé yon fason pou dékourajé kèk posib advèsè fè yo lagè. Yo ouè nan sa mouayin ki pi éfikas ki kapab asiré lapè ant nasion-yo. Fason sa-a pou dékourajé advèsè-yo mandé pou nou douté moralman sou li. *Kous pou anpilé zam-yo* pa kapab asiré lapè. Non sèlman li pa éliminé kòz lagè-a min li mété nan danjé pou fè-l vîn pi grav. Gran kantité richès yo dépansé nan préparé nouvo zam tout tan sé yon anpèchman, si sé pa plis, nan chèché poté solision pou popilasion ki nan békouin-yo (PP 53) ; sé yon anpèchman li yé pou dévlopman pèp-yo. *Chèché gin plis zam yon fason égzajéré* fè vîn gin pi plis rézon pou batay épi ogmanté danjé pou simin batay lòt koté.
- 2316 *Prodiksion ak komès zam-yo* andomajé byin nasion-yo ak kominoté intènasional-la an jénéral. Sé poutèt sa otorité piblik-yo gin doua ak dévoua pou yo réglémanté yo. Chèché intérè privé oubiyin avantaj piblik pou yon ti tan tou kout pa kapab jistifié antrépriz k-ap éksité violans ak goumin ant nasion-yo épi k-ap mété an danjé lòd jiridik intènasional-la.
- 2317 Injistis ak inégalité ki trop nan domèn ékonomitik ak sosial-la, anvié sò lòt, méfians ak ògèy k-ap gayé ant moun-yo ak nasion-yo, sé ménas yo yé tout tan pou lapè-a épi kòz lagè. Ninpòt sa yo fè pou dépasé dézòd sa-yo kapab édé pou konstrui lapè-a épi évité lagè-a :
- 1938, 2538 « Nan mézi moun-yo sé péchè yo yé, danjé lagè-a ap ménasé yo, épi l-ap kontinué ménasé yo joustan Kris-la tounin ; min nan mézi rinmin-an fè yo fè youn épi yo ranpòté viktoua sou péchè-a, y-ap dépasé violans-la tou, joustan paròl-la akonpli : “Y-ap fonn épé yo pou yo tounin pikoua, épi lans yo pou yo tounin sèpèt. Nasion pap lévé épé kont nasion, ni yo pap aprann fè lagè ankò” (Is 2, 4) » (GS 78, § 6).
- 1941 **RÉZIMÉ**
- 2318 « Sé nan min [...] [Bondié] nanm tout vivan yé ak souf tout chè moun » (Jb 12, 10).

- 2319 *Lavi tout moun sakré, dépi lè-l fèk fòmé nan vant jous li mouri, paské moun-nan kòm moun sé poutèt li-minm yo té vlé-l dapré pòtré ak résanblans Bondié vivan-an ki sin-an.*
- 2320 *Touyé moun-nan yo kréyé-a sa gravman kontrè ak dignité moun-nan épi fason Kréatè-a sin-an.*
- 2321 *Intèdikcion touyé-a pa rétiré doua pou mété asayan injis-la nan kondision pou-l pa kapab nui. Léjitim défans-la sé yon dévoua sérié pou moun ki gin responsabilité lavi lòt moun oubyin byin komin-an.*
- 2322 *Ti bébé-a, dépi lè li fèk fòmé nan vant, gin doua pou-l viv. Avòtman dirèk-la, sètadi, lè sé sa minm yo vlé kòm finalité oubyin kòm mouayin, sé yon « ront » (GS 27, § 3) ki kontrè gravman ak laloua moral-la. Égliz-la pini fot sa-a kont lavi moun-nan ak yon pèn kanonik ékskominikasion.*
- 2323 *Paské sé tankou yon moun pou yo trété anbriyon-an dépi prémié moman li fòmé nan vant, yo doué défann li nan intégrité-l, pran souin-l épi géri-l, tankou ninpòt lòt moun.*
- 2324 *Désidé fè yon moun mouri pi vit (euthanasie volontaire) kèlkésoua fòm ak motif yo bay sa, sé yon asasina li yé. Li kontrè yon fason grav ak dignité moun-nan épi respè aléga Bondié vivan-an, Kréatè-l la.*
- 2325 *Suisid-la kontrè yon fason grav ak jistis-la, espérans-la, charité-a. Sinkièm kòmandman-an intèdi-l.*
- 2326 *Skandal-la sé yon fot grav lè poutèt sa-k fèt oubyin pa fèt sa minnin délibéréman yon lòt nan fè péché.*
- 2327 *Poutèt mové konsékans ak injistis tout lagè poté, nou doué fè tout sa ki posib yon fason rézonab pou évité-l. Égliz-la priyé : « Anba grangou, maladi ak lagè, délivré nou Granmèt ».*
- 2328 *Ni l'Égliz-la ni rézon moun-nan dékläré laloua moral-la toujou kinbé validité-l pandan konba ak zam. Aksion ki délibéréman kontrè ak doua pèp-yo épi prinsip inivèsèl li-yo sé krim yo yé.*
- 2329 *« Kous k-ap fèt pou préparé zam sé yon gro kou sa yé pou lèzòm épi li déréspékté doua pòv-yo yon fason ki intolérab » (GS 81, § 3).*
- 2330 *« Ala kontantman pou moun k-ap travay pou lapè-a, paské y-ap rélé yo pitit Bondié » (Mt 5, 9).*

[**◀Atik
anvan-an**](#)

[**Gid jénéral-la**](#)

[**Atik▶
apré-a**](#)